Wikipédia

Menara London



Artikel iki prelu dirapèkaké supaya jumbuh karo wewaton artikel Wikipédia
Panjenengan bisa mbiyantu ngrapèkaké artikel iki kanthi mérang dadi paragraf-paragraf utawa wikifikasi. Sawisé dirapèkaké, tandha iki kena dibusak.

Yang Mulia Pura lan Benteng Karajan, utawi kawéntar kanthi nama **Menara London** inggih punika kastil ingkang ngemu aji sajarah ingkang mapan wonten ing pusat kutha London, Inggris wonten ing pinggiring Sungai Thames. Kastil punika wonten ing kawasan **London Borough of Tower Hamlets** lan kapisah saking ujung wétan kutha London déning ruang ingkang kabikak lan kawéntar kanthi nama Bukit Menara.

Kastil punika dipunyasa nalika taun 1066 dados péranganing *Penaklukan Normandia* wonten Inggris. Menara punika kalebet péranganing sajarah panaklukan tiyang Normandia, satunggaling wewengkon ing Perancis sisih lor ingkang winatesan kaliyan Selat Inggris. Nalika Duke William saking Normandia nyerang Inggris nalika taun 1066, aksi pisanan sasampunipun ndarat punika yasa kastil utawi menara. sasampunipun penobatanipun ing Westminster Abbey ing dinten natal 1066, Duke William lajeng paring perintah damel astana ing London [1].

Wonten ing taun 1078 Menara London rampun dipunyasa. Menara utawi kastil ingkang yuswanipun sapunika sampun langkung saking 900 taun punika dados simbol *penindasan*. Amargi menara punika dipun-ginakaken kanggé kunjara awit saking taun 1100. Periode puncak kastil minangka kunjara kapungkasan punika nalika abad kaping 16 lan 17. salah satunggal tokoh ingkang naté dipunpenjara ing papan punika Elizabeth I sadèrèngipun dados ratu [1].

Sana Warisan Donya UNESCO

Menara London

Janeng ing Pratélan Warisan Donya (http://whc.unesco.org/en/list)



Menara London saking Sungai Thames

Jinis	Budaya
Wewaton	(ii), (iv)
Rujukan	488 (http://whc.unesco.org/en/list/488)
Tlatah UNESCO (http://whc.unesco.org/en/list/?search=&search_by_country=&type=&media=&region=&order=region)	Éropah
Sujarah prasasti	
Prasasti	1988 (Sési 12th)

Fungsi

Menara London punika naté gadhah paraga ingkang wigati ing lelampahaning sajarah Inggris. Menara punika naté dikepung déning musuh saéngga menara punika gadhah perang anggènipun njagi nagara Inggris. Menara London sampun dipun*alihfungsi*aken ginanipun. Ing antawisipun kanggé gudang senjata, pusat keuangan, kebun kéwan, dalem ingkang resmi tumrap Royal Mint, kantor catatan publik lan papa kanggé nyimpen Makutha Permata Britania Raya. Awit saking abad kaping 14 dumugi mangsa pamaréntahan Charles II, prosesi panobatan Raja Inggris punika kawiwitan ing menara, dipunlajengaken dhateng Westminster Abbey. Nalika raja nembé boten wonten, wadyabala ingkang dipunwastani Prajurit Menara punika dipunparingi tanggeljawab supados njaga kastil. Jabatan punika kalebet satunggaling kalungguhan ingkang kuwat lan dipupitadosi nalika ing abad tengahan. Nalika abad kapinh 15, menara punika kaginakaken kanggé kunjara Kalih Pangéran. Salajengipun , ing Periode Tudor, menara boten dipun-ginakaken malih dados dalemipun karajan, nanging taksih kanggé bètèng pertahanan.

Fungsi Menara London punika minangka bètèng, astana karajan, lan kunjara. Menara punika dipunopeni kanthi saé lan dipunlebetaken kategori minangka salah satunggaling papan ingkang *wingit* utawi *angker* lan kathah memedinipun [2].

Cariyos ing Menara London

Kisah ingkang paling kawéntar wonten ing Inggris punika pamenggalan Ratu Anne Boleyn (ratu Inggris 1507 - 1536). Anne Boleyn punika garwa kaping kalih Raja Henry VIII. Raja Henry VIII lajeng megat ingkang garwa Katherine of Aragon, pecah kaliyan Roma lajeng *dikucilke* amargi tresna marang Anne. Nanging banjur tresnanipun pindah dhateng Jane Seymour. Awit saking punika Anne dituding selingkuh kaliyan kerabatipun George Boleyn, Lord rochford. Raja lajeng damel putusan bilih mantan garwa lan Ratu Inggris punika diparingi ukuman mati lajeng dipunpenggal sirahipun nalika 19 Mèi 1536 [3].

Cathetan suku

1. [1] (http://www.htysite.com/P-kastil.htm), Kastil (dipun-akses tanggal 22 November 2012).
2. [2] (http://www.metrotainment.net/2011/4957/menara-london-situs-warisan-dunia-yang-angker/), Menara London situs warisan donya yang angker (dipun-akses tanggal 22 November 2012).
3. [3] (http://wisata.kompasiana.com/jalan-jalan/2011/05/25/tower-of-london-benteng-penuh-kisah-seram/), Menara London (dipun-akses tanggal 24 Dhésèmber 2012).